



South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund

c/o National Employee Benefits Administrators, Inc.

2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100 | Pembroke Pines, FL 33028

1 (800) 842-5899 | Faks (954) 266-2079



Byenveni nan South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund (Fon Byennèt Anplwaye Otèl ak Kuizin Sid Florid, ke yo rele nan dokiman sa a “Plan” an)! Plan an bay swen sante ak lòt avantaj pou anplwaye ki kalifye yo (ak depandan yo) k ap travay dapre yon Akò Negosyasyon Kolektif (Collective Bargaining Agreement, “CBA”) ant patwon ou ak UNITE HERE Local 355, Lokal 23, Local 737 oswa Local 362 (oswa nenpòt ki lòt Local oswa sendika ki aksepte pou patisipasyon nan Plan an). Pou ou ka vin kalifye pou avantaj ki nan Plan sa a, ou dwe toudabò ranpli kondisyon ki dekri nan Akò Negosyasyon Kolektif ou an. Pifò CBA yo egzijte pou Anplwaye yo travay omwen yon sèten kantite èdtan oswa pou ranpli lòt kondisyon anvan Anplwayè w oblije fè kontribisyon yo nan Plan an pou ou. Tanpri konsilte CBA ou, oswa pale ak Anplwayè w oswa Sendika w lan, pou w konnen kondisyon pa ou prezizeman. Anplwayè w pral oblije fè kontribisyon yo nan Plan an sou non ou apre ou te ranpli kondisyon ki nan CBA ou an, epi ou pral vin kalifye pou enskri nan Plan an ak resevwa avantaj swen sante yo.

Ann aprann konnen ou! Yon fwa w kalifye, ou dwe enskri nan Plan an pou w resevwa avantaj yo. **Tanpri, ranpli ak tounen dokiman enskripsyon ki la yo touswit pou w ka enskri nan Plan an epi resevwa avantaj yo.** Tanpri, tcheke tou avèk Sendika ou oswa Anplwayè w pou w konnen si gen lòt kondisyon administratif adisyonèl ki nesèsè pou fin fè enskripsyon ou an.

Ou ka genyen “dwa enskripsyon espesyal” nan sèten sikonstans, tankou si w kalifye yon lòt fason pou kouvèti asirans nan Plan sa a, epi ou vin genyen yon nouvo depandan oswa ou pèdi lòt kouvèti asirans. Tanpri gade avi ki enkli nan dokiman sa yo pou jwenn enfòmasyon detaye sou dwa enskripsyon espesyal ou yo.

Gen plizyè fason pou tounen dokiman enskripsyon yo.

- Vizite <https://www.nebainc.com/SendFile.aspx> epi sèvi ak “Secure File Upload” (Telechajman Sekirize Fichye). Si ou vizite sit la sou aparèy mobil ou, ou ka itilize kamera aparèy ou an pou telechaje foto dokiman yo. Foto yo dwe ase klè pou yo li yo e ou dwe mete yon foto tout paj fòm lan(yo).
- Vizite <https://luxsci.com/perl/public/securemail.pl> epi enskri pou w sèvi ak Pòtay Sekirize pou voye Imèl Chifre. Pòtay la pèmèt ou kreye yon kont imèl gratis pou itilize sèlman pou voye imèl bay NEBA nan yon fason chifre.
- Voye yo bay NEBA nan 2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100 | Pembroke Pines, FL 33028.
- Fakse yo bay NEBA nan (954) 266-2079.

W ap jwenn ak kit enskripsyon ou an kèk eleman pou ede w konprann nouvo plan ou an:

- ✓ Rezime Avantaj ak Kouvèti (Summary of Benefits and Coverage, SBC)
- ✓ Avi sou Lwa anrapò ak Dwa Sante Fanm ak Kansè
- ✓ Avi sou Kouvèti Kredib
- ✓ Avi Jeneral Dwa COBRA
- ✓ Avi sou Dwa Enskripsyon Espesyal
- ✓ Avi sou Pratik Konfidansyalite



South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund

c/o National Employee Benefits Administrators, Inc.

2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100 | Pembroke Pines, FL 33028

1 (800) 842-5899 | Faks (954) 266-2079



Fòm Enskripsyon

1. Toudabò, pale nou de ou.

Tanpri ranpli tout ti kaz yo.

Prenon		Inisyal dezyèm prenon		Non Fanmi	
Sèks	<input checked="" type="checkbox"/> Gason <input checked="" type="checkbox"/> Fi	Dat Nesans	/	/	NSS
Adrès					
Vil, Eta Kòd Postal			Eta Sivil		
Non Anplwayè a					

2. Kijan nou ka rantre an kontak avèk ou?

Adrès Imèl:					
Nimewo Telefòn:	Lakay: () -	Selil () -	Travay () -		

3. Èske ou vle enskri pou kouvèti asirans nan Plan an?

Tanpri, chwazi youn nan opsyon ki anba a.

<input checked="" type="checkbox"/>	Wi, enskri m pou kouvèti anplwaye sèlman.	Mwen mande kouvèti anba South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund (Plan an). Si mwen enskri depandan mwen yo, mwen konprann mwen pral oblije soumèt dokiman sipò ki demontre ke depandan mwen yo kalifye pou kouvèti, tankou batistè timoun mwen yo oswa sètifika maryaj mwen. Siyati: _____ Dat: _____
<input checked="" type="checkbox"/>	Wi, enskri m ak depandan kalifye mwen yo.	
<input checked="" type="checkbox"/>	NON, pa enskri m. Mwen gen lòt kouvèti plan sante.	Mwen konprann ke lè m refize kouvèti asirans, mwen renonse a dwa pou tout avantaj mwen gen dwa genyen nòmalman. Mwen konprann si mwen pa gen asirans sante mwen ka oblije peye yon penalite taks bay gouvènman federal la dapre Lwa sou Swen Abòdab la. Siyati: _____ Dat: _____
<input checked="" type="checkbox"/>	NON, pa enskri m. Mwen pa gen lòt kouvèti plan sante.	

4. Ki non doktè ki pral ba ou swen jeneral ou?

Si ou pa genyen yon doktè swen jeneral kounye a (Primary Care Physician, PCP), yo pral ba ou youn. Li enpòtan pou etabli yon relasyon ak yon PCP anvan ou vin malad! Si ou pa fè sa, li ka difisil pou jwenn yon randevou lè ou bezwen youn. Pou ajoute yon PCP, tanpri rele NHP (Sid Florida) nan (844) 651-3833 oswa UHC (tout lòt kote yo) nan (855) 828-7715.

Non Doktè a:	Adrès Doktè a:
Nimewo Telefòn Doktè a:	

5. Èske w ap enskri depandan? Si se wi, tanpri ranpli seksyon ki anba la a.

Plan an ofri kouvèti pou mari/madanm ou oswa Patnè Domestik ak timoun ou jiska laj 26 ane. Timoun ki granmoun yo ka kouvri jiska laj 30 an si sèten kondisyon ranpli. Pou enskri depandan ou yo, ou pral bezwen bay kopi kat Sekirite Sosyal yo (si genyen), batistè (obligatwa pou timoun), ak yon sètifika maryaj (obligatwa pou mari/madanm, oswa pitit moun ou marye avèk li a). Yo ka mande lòt dokiman epi NEBA ka mande yo. Pou ajoute depandan yo, tanpri ranpli enfòmasyon yo anba a epi soumèt kopi dokiman ki nesèsè yo ba NEBA pa mwayen faks, imèl sekirize, telechaje sou sitwèb, oswa lapòs nan 15 jou oplita. Pou ou ka enskri Patnè Domestik ou kòm yon depandan oswa enskri pitit ou ki depandan ki gen plis pase 26 ane ou dwe ranpli dokiman adisyonèl. [Depandan yo p ap enskri nan Plan an si dokiman yo pa soumèt alè.](#) Tanpri kontakte NEBA nan 1 (800) 842-5899 pou mande dokiman adisyonèl yo.

Ranpli seksyon sa a si w ap enskri mari/madanm ou, Patnè Domestik, ak/oswa timoun depandan ou yo.			
Depandan 1:			
Non Konplè:	Relasyon:	NSS:	Dat Nesans: / /
Doktè Swen Jeneral (PCP):	Adrès:	Telefòn:	
Depandan 2:			
Non Konplè:	Relasyon:	NSS:	Dat Nesans: / /
Doktè Swen Jeneral (PCP):	Adrès:	Telefòn:	
Depandan 3:			
Non Konplè:	Relasyon:	NSS:	Dat Nesans: / /
Doktè Swen Jeneral (PCP):	Adrès:	Telefòn:	
Depandan 4:			
Non Konplè:	Relasyon:	NSS:	Dat Nesans: / /
Doktè Swen Jeneral (PCP):	Adrès:	Telefòn:	
Depandan 5:			
Non Konplè:	Relasyon:	NSS:	Dat Nesans: / /
Doktè Swen Jeneral (PCP):	Adrès:	Telefòn:	

6. Otorize nou kominike enfòmasyon enskripsyon ou yo ba Anplwayè ou ak Sendika w lan

Pou w enskri nan Plan an, ou oblije otorize Plan an kominike enfòmasyon sou enskripsyon ou ba Anplwayè w ak Sendika w lan. Ou vin kalifye pou resevwa avantaj dapre plan ki baze sou Akò Negosyasyon Kolektif Sendika (Collective Bargaining Agreement, CBA) avèk anplwayè ou. Sepandan yo bay Avantaj yo pa mwayen Plan sa a, epi yo endepandan de toude, ni Anplwayè ou ni Sendika ou an. Otorizasyon ou pou kominike enfòmasyon enskripsyon ou an nesèsè pou jere Plan an ak efikasite. Tanpri siyen tou epi kenbe kopi fòm otorizasyon an ki nan pake enskripsyon sa a.

OTORIZASYON POU KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL PWOTEJE

Mwenmenm, _____ (Ekri non an ak lèt detache), otorize itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal pwoteje jan sa dekri anba a.

Mwen konprann ke enskripsyon mwen an ak kalifikasyon pou avantaj nan Plan an gen kòm kondisyon ke mwen bay otorizasyon sa a anrapò avèk aplikasyon mwen pou enskripsyon an. Mwen konprann si mwen pa bay otorizasyon sa a, ni mwen ni depandan mwen yo pa pral gen dwa pou enskri nan Plan an, epi ni mwen ni depandan mwen yo pa pral kalifye pou avantaj nan Plan an.

Mwen otorize NEBA ak Plan an pou divilge bay Anplwayè mwen ak bay Sendika a ke mwen te aplike pou enskripsyon nan Plan an; ke mwen enskri nan Plan an; epi, si mwen te enskri depandan mwen yo, ki kalite enskripsyon depandan mwen te chwazi. Mwen konprann ke NEBA, Anplwayè mwen an ak Sendika mwen an ap itilize enfòmasyon osijè enskripsyon mwen an pou jere Plan an epi pou detèmine kalifikasyon pou avantaj yo. Otorizasyon sa a limite, epi li pa enkli otorizasyon pou kominiye okenn enfòmasyon medikal, okenn enfòmasyon ba oswa osijè okenn pwofesyonèl medikal, ni okenn enfòmasyon sou depandan mwen ki depase rapò ke mwen enskri depandan mwen yo.

Anplwayè mwen kounye a se _____ (Ekri Non an ak lèt detache) ("Anplwayè").

Mwen se yon manm UNITE HERE Local _____ ("Sendika").

Mwen te li epi mwen konprann deklarasyon sa yo konsènan dwa mwen yo:

- Mwen rekonèt ke yon fwa enfòmasyon yo divilge bay Anplwayè mwen an ak Sendika mwen an, li p ap anba pwoteksyon dapre règleman federal sou vi prive ankò epi Anplwayè mwen oswa Sendika mwen ka itilize ak re-divilge yo.
- Mwen konprann mwen ka anile otorizasyon sa a nenpòt lè depi mwen voye yon avi alekri ba NEBA nan 2010 N. W. 150th Avenue, Suite 100, Pembroke Pines, Florida 33028, oswa pa imèl nan KSpahr@neba-fl.com. Yon anilasyon pral anvigè pou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon pwoteje pi devan, men li p ap anvigè pou nenpòt enfòmasyon ki te deja divilge.
- Mwen konprann ke mwen gen dwa pou resevwa yon kopi otorizasyon sa a ki siyen.
- Otorizasyon sa a pa konsène dosye sikoterapi ni lòt enfòmasyon medikal ki pa dekri la a.
- Otorizasyon sa a ap rete anvigè toutotan ke mwen kalifye pou avantaj dapre Plan an, osinon toutotan ke mwen ap travay pou yon anplwayè ki oblije fè kontribisyon nan Plan an sou non mwen, selon peryòd ki pi long lan. Si travay mwen an ak anplwayè mwen ki idantifye anwo a fini, epi mwen anplwaye apres a ak yon lòt anplwayè ki oblije fè kontribisyon nan Plan an sou non mwen, otorizasyon sa a rete anvigè epi chak fwa yo di Anplwayè, I ap vle di anplwayè mwen genyen kounye a.

Mwen te li epi mwen konprann enfòmasyon yo ki anwo a. Mwen deklare siyati ki anba a se pwòp siyati mwen epi mwen gen otorizasyon legalman pou siyen dokiman sa a. Siyati mwen otorize divilgasyon enfòmasyon yo ki dekri anwo a.

Siyati

Ekri Non an ak lèt detache

Dat

Se sa sèlman! Mèsi dèske ranpli fòm enskripsyon ou.

****Tanpri siyen epi kenbe paj sa a pou dosye ou****

OTORIZASYON POU KOMINIKE ENFÒMASYON MEDIKAL PWOTEJE

Mwenmenm, _____ (Ekri non an ak lèt detache), otorize itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal pwoteje jan sa dekri anba a.

Mwen konprann ke enskripsyon mwen an ak kalifikasyon pou avantaj nan Plan an gen kòm kondisyon ke mwen bay otorizasyon sa a anrapò avèk aplikasyon mwen pou enskripsyon an. Mwen konprann si mwen pa bay otorizasyon sa a, ni mwen ni depandan mwen yo pa pral gen dwa pou enskri nan Plan an, epi ni mwen ni depandan mwen yo pa pral kalifye pou avantaj nan Plan an.

Mwen otorize NEBA ak Plan an pou divilge bay Anplwayè mwen ak bay Sendika a ke mwen te aplike pou enskripsyon nan Plan an; ke mwen enskri nan Plan an; epi, si mwen te enskri depandan mwen yo, ki kalite enskripsyon depandan mwen te chwazi. Mwen konprann ke NEBA, Anplwayè mwen an ak Sendika mwen an ap itilize enfòmasyon osijè enskripsyon mwen an pou jere Plan an epi pou detèmine kalifikasyon pou avantaj yo. Otorizasyon sa a limite, epi li pa enkli otorizasyon pou kominike okenn enfòmasyon medikal, okenn enfòmasyon ba oswa osijè okenn pwofesyonèl medikal, ni okenn enfòmasyon sou depandan mwen ki depase rapò ke mwen enskri depandan mwen yo.

Anplwayè mwen kounye a se _____ (Ekri Non an ak lèt detache) ("Anplwayè").

Mwen se yon manm UNITE HERE Local _____ ("Sendika").

Mwen te li epi mwen konprann deklarasyon sa yo konsènan dwa mwen yo:

- Mwen rekonèt ke yon fwa enfòmasyon yo divilge bay Anplwayè mwen an ak Sendika mwen an, li p ap anba pwoteksyon dapre règleman federal sou vi prive ankò epi Anplwayè mwen oswa Sendika mwen ka itilize ak re-divilge yo.
- Mwen konprann mwen ka anile otorizasyon sa a nenpòt lè depi mwen voye yon avi alekri ba NEBA nan 2010 N. W. 150th Avenue, Suite 100, Pembroke Pines, Florida 33028, oswa pa imèl nan KSpahr@neba-fl.com. Yon anilasyon pral anvigè pou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon pwoteje pi devan, men li p ap anvigè pou nenpòt enfòmasyon ki te deja divilge.
- Mwen konprann ke mwen gen dwa pou resevwa yon kopi otorizasyon sa a ki siyen.
- Otorizasyon sa a pa konsène dosye sikoterapi ni lòt enfòmasyon medikal ki pa dekri la a.
- Otorizasyon sa a ap rete anvigè toutotan ke mwen kalifye pou avantaj dapre Plan an, osinon toutotan ke mwen ap travay pou yon anplwayè ki oblije fè kontribisyon nan Plan an sou non mwen, selon peryòd ki pi long lan. Si travay mwen an ak anplwayè mwen ki idantifye anwo a fini, epi mwen anplwaye apres a ak yon lòt anplwayè ki oblije fè kontribisyon nan Plan an sou non mwen, otorizasyon sa a rete anvigè epi chak fwa yo di Anplwayè, l ap vle di anplwayè mwen genyen kounye a.

Mwen te li epi mwen konprann enfòmasyon yo ki anwo a. Mwen deklare siyati ki anba a se pwòp siyati mwen epi mwen gen otorizasyon legalman pou siyen dokiman sa a. Siyati mwen otorize divilgasyon enfòmasyon yo ki dekri anwo a.

Siyati

Ekri Non an ak lèt detache

Dat



South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund

c/o National Employee Benefits Administrators, Inc.
2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100 | Pembroke Pines, FL 33028
1 (800) 842-5899 | Faks (954) 266-2079



Pou: Tout patisipan yo ak Benefisyè yo
Soti nan: Konsèy Administrasyon an
Sijè: Lwa 1998 anrapò ak Dwa Sante Fanm ak Kansè

Plan sa a anba Lwa 1998 anrapò ak Dwa Sante Fanm ak Kansè (Women's Health and Cancer Rights Act, WHCRA). Pakonsekan, yo dwe bay kouvèti annapre la a, jan WHCRA egzije sa, a nenpòt Patisipan ki ap resevwa avantaj anrapò avèk yon mastektomi epi ki chwazi fè rekonstriksyon tete anrapò avèk mastektomi an:

- (a) Tout etap nan rekonstriksyon tete ki te sibi mastèktomi an;
- (b) Operasyon ak rekonstriksyon lòt tete a pou pwodui yon aparans simetrik;
- (c) Pwotèz; ak
- (d) Tretman konplikasyon fizik mastektomi an, ankontan lenfedèm.

Kouvèti ap bay nan yon fason ki detèmine nan tèt ansanm avèk doktè ki ap fè tretman an epi pasyan an.

Kouvèti sa ka anba dispozisyon franchiz anyèl ak ko-asirans jan sa presize la a, epi li konfòm avèk sa ki tabli pou lòt avantaj yo ki bay la a.



South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund

c/o National Employee Benefits Administrators, Inc.

2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100 | Pembroke Pines, FL 33028

1 (800) 842-5899 | Faks (954) 266-2079



Avi enpòtan ki soti nan South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund sou Kouvèti medikaman Preskripsyon Ou ak Medicare

Tanpri li avi sa a ak anpil atansyon epi kenbe li kote ou ka jwenn li. Avi sa a gen enfòmasyon sou kouvèti asirans preskripsyon aktyèl ou ak South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund ak sou opsyon ou genyen dapre kouvèti medikaman preskripsyon Medicare. Enfòmasyon sa yo ka ede ou deside si wi ou non ou vle rantre nan yon plan medikaman Medicare. Si ou ap anvizaje pou w patisipe, ou dwe konpare kouvèti ou gen kounye a, ankontan ki medikaman yo kouvri ak sa li koute, ak kouvèti e pri pou plan ki ofri kouvèti medikaman preskripsyon Medicare nan zòn ou an. Gen enfòmasyon sou kote ou ka jwenn èd pou pran desizyon sou kouvèti medikaman preskripsyon ou nan fen avi sa a.

Gen de bagay enpòtan ou dwe konnen sou kouvèti asirans ou gen kounye a ak kouvèti Medikaman Preskripsyon Medicare:

1. Kouvèti medikaman preskripsyon Medicare te vin disponib an 2006 pou tout moun ki gen Medicare. Ou ka jwenn kouvèti sa a si ou rantre nan yon Plan Medikaman Preskripsyon Medicare oswa rantre nan yon Plan Medicare Advantage (tankou yon HMO oswa PPO) ki ofri kouvèti medikaman preskripsyon. Tout plan medikaman Medicare bay omwen yon nivo estanda kouvèti Medicare fikse. Gen kèk plan ki ka ofri tou plis kouvèti pou yon prim pi wo chak mwa.
2. South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund te detèmine ke kouvèti medikaman preskripsyon ke South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund ofri a se, an mwayèn pou tout patisipan plan yo, sa yo prevwa pou peye ki lavalè kouvèti medikaman preskripsyon Medicare, kidonk li konsidere kòm yon Kouvèti Kredib. Piske kouvèti ou genyen deja a se yon Kouvèti Kredib, ou ka kenbe kouvèti sa a epi ou pa peye yon prim ki pi wo (yon penalite) si ou deside pita rantre nan yon plan medikaman Medicare.

Kilè Ou Ka Rantre Nan Yon Plan Medikaman Medicare?

Ou ka rantre nan yon plan Medikaman Medicare lè ou fèk kalifye pou Medicare ak chak ane apati 15 oktòbjiska 7 desanm. Men, si ou pèdi kouvèti medikaman preskripsyon kredib ou an, si se pa fòt ou, ou pral kalifye tou pou de (2) mwa Peryòd Enskripsyon Espesyal (Special Enrollment Period, SEP) pou rantre nan yon plan medikaman Medicare.

Ki Sa Ki Rive Kouvèti Asirans Ou Gen Kounye a Si Ou Deside Rantre nan Yon Plan Medikaman Medicare?

Si ou deside rantre nan yon plan Medikaman Medicare, li pral ajoute sou kouvèti asirans ou genyen nan South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund. Kouvèti ou gen kounye a peye pou lòt depans sante, anplisde medikaman preskripsyon, epi w ap toujou kalifye pou resevwa tout avantaj sante ak medikaman preskripsyon ou genyen kounye a si ou chwazi pou enskri nan yon plan Medikaman Medicare.

Kilè ou Pral Peye yon Pi Gwo Prim (Penalite) Pou Rantre nan Yon Plan Medikaman Medicare?

Ou dwe konnen tou si ou kite oswa ou pèdi kouvèti asirans ou an kounye a ak South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund epi ou pa rantre nan yon plan medikaman Medicare nan swasant-twa (63) jou youn dèyè lòt apre kouvèti ou an fini, ou ka peye yon pi gwo prim (yon penalite) pou rantre nan yon plan medikaman Medicare pita.

Si ou fè swasant-twa (63) jou youn dèyè lòt oswa pi lontan san kouvèti medikaman preskripsyon kredib, prim mansyèl ou ka moute de omwen 1% pou prim benefisyè debaz Medicare pa mwa pou chak mwa ke ou pa te gen kouvèti sa a. Paregzanp, si ou fè diznèf (19) mwa san yon kouvèti kredib, prim ou ka omwen 19% pi gwo sistematikman pase prim debaz benefisyè Medicare a. Ou ka oblije peye prim pi wo sa a (yon penalite) toutotan ou gen kouvèti medikaman preskripsyon Medicare a. Anplisde, ou ka oblije rete tann jiska Oktòb annapre a pou w rantre ladan.

Pou Plis Enfòmasyon sou Avi sa a Oswa sou Kouvèti Medikaman Preskripsyon ou gen Kounye a...

Kontakte National Employee Benefits Administrators, Inc. nan (800) 842-5899. REMAK: Ou pral jwenn avi sa a chak ane. Ou pral jwenn li tou anvan pwochen peryòd pou w rantre nan yon plan medikaman Medicare, ak si kouvèti South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund sa a chanje. Ou ka mande yon kopi avi sa a tou nenpòt ki lè.

Pou Jwenn Plis Enfòmasyon Sou Opsyon ou Genyen Dapre Kouvèti Medikaman Preskripsyon Medicare...

Gen enfòmasyon pi detaye sou plan Medicare ki ofri kouvèti medikaman preskripsyon nan manyèl "Medicare & You" (Medicare ak Oumenm). Ou pral jwenn yon kopi manyèl la pa lapòs chak ane nan men Medicare. Plan medikaman Medicare yo ka kontakte w dirèkteman tou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman preskripsyon Medicare:

- Vizite www.medicare.gov
- Rele Pwogram Asistans Sante Asirans Sante Eta ou an (gade nan kouvèti andedan kopi manyèl "Medicare & You" pou jwenn nimewo telefòn yo) pou èd adapte pou moun pèsònèlman.
- Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048.

Si ou gen revni ak resous limite, gen èd siplemantè ki disponib pou peye pou kouvèti medikaman preskripsyon Medicare. Pou jwenn enfòmasyon sou èd siplemantè sa a, vizite Sekirite Sosyal sou entènèt nan www.socialsecurity.gov, oswa rele yo nan 1-800-772- 1213 (TTY 1-800-325-0778).

SONJE: Kenbe avètisman Kouvèti Kredib sa a. Si ou deside rantre nan youn nan plan medikaman Medicare yo, ou ka oblije bay yon kopi avi sa a lè w ap rantre ladan pou montre si wi ou non ou te kenbe kouvèti kredib, epi, pakonsekan, si wi ou non ou oblije peye yon pi gwo prim (yon penalite).

Non Antite/Ekspeditè:	South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund
Kontak--Pozisyon/Biwo:	National Employee Benefits Administrators, Inc.
Adrès:	2010 N.W. 150 th Avenue, Suite 100 Pembroke Pines, FL 33028
Nimewo Telefòn:	(800) 842-5899



South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund

c/o National Employee Benefits Administrators, Inc.
2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100 | Pembroke Pines, FL 33028
1 (800) 842-5899 | Faks (954) 266-2079



ENFÒMASYON ENPÒTAN: Kouvèti Kontinyasyon COBRA ak lòt Chwa Kouvèti Sante

Avi sa a gen enfòmasyon enpòtan sou dwa ou genyen pou kontinye kouvèti swen sante ou nan South Florida Hotel & Culinary Employees Welfare Fund (Plan an), ansanm ak lòt opsyon asirans sante ki ka disponib pou ou, ankontan kouvèti asirans pa mwayen Mache Asirans Sante a (Health Insurance Marketplace) nan www.HealthCare.gov oswa rele 1-800-318-2596.

Ou ka jwenn kouvèti pa mwayen Mache Asirans Sante a ki koute mwens pase kouvèti kontinyasyon COBRA a. Tanpri, li enfòmasyon ki nan avi sa ak anpil atansyon anvan ou pran desizyon ou.

Kisa kouvèti kontinyasyon COBRA ye? Lwa federal egzije pou pifò plan sante gwoup (ankontan plan sa a) bay anplwaye yo ak fanmi yo opòtinite pou kontinye kouvèti swen sante pa mwayen kouvèti kontinyasyon COBRA lè gen yon “evènman ki kalifye” ki lakòz yon pèt asirans nan plan anplwaye a. Kouvèti kontinyasyon COBRA a se menm kouvèti Plan an bay lòt patisipan yo oswa benefisyè ki p ap resevwa kouvèti kontinyasyon. Chak “benefisyè ki kalifye” (jan li dekri pi ba a) ki chwazi kouvèti kontinyasyon COBRA pral gen menm dwa dapre Plan an ak lòt patisipan oswa benefisyè ki kouvri nan Plan an.

Kiyès ki benefisyè kalifye? Chak moun (“benefisyè ki kalifye”) ki te kouvri nan Plan an nan kategori ki anba yo ka kapab chwazi kouvèti kontinyasyon COBRA:

- Anplwaye oswa ansyen anplwaye
- Mari/madanm oswa ansyen mari/madanm
- Timoun depandan (yo) ki kouvri nan Plan an nan jou anvan evènman ki lakòz pèt kouvèti asirans lan
- Timoun ki pèdi kouvèti nan Plan an paske li pa *yon depandan ankò dapre Plan an*.

Èske gen lòt opsyon kouvèti apa kouvèti kontinyasyon COBRA? Wi. Olye pou w enskri nan kouvèti kontinyasyon COBRA, gen dwa gen lòt opsyon kouvèti ki pi abòdab pou oumenm ak fanmi ou pa mwayen Mache Asirans Sante a, Medicaid, oswa lòt opsyon kouvèti plan sante gwoup (tankou plan mari/madanm ou) pa mwayen sa yo rele yon “peryòd enskripsyon espesyal.” Kèk nan opsyon sa yo ka koute mwens pase kouvèti kontinyasyon COBRA. Ou dwe konpare lòt opsyon kouvèti ou yo avèk kouvèti kontinyasyon COBRA epi chwazi kouvèti asirans ki pi bon pou ou. Pa egzanp, si ou chanje pou w ale nan yon lòt kouvèti asirans, ou ka peye plis lajan ki soti nan pòch ou pase nan COBRA paske nouvo kouvèti a ka enpoze yon nouvo franchiz. Lè ou pèdi kouvèti sante nan travay, li enpòtan ke ou chwazi ak anpil atansyon ant kouvèti kontinyasyon COBRA ak lòt opsyon kouvèti asirans yo, paske yon fwa ou fè chwa ou, li ka difisil oswa enposib pou w chanje pou w ale nan yon lòt opsyon kouvèti.

Si mwen chwazi kouvèti kontinyasyon COBRA, kilè kouvèti mwen an ap kòmanse epi konbyen tan kouvèti a pral dire? Si w chwazi li, kouvèti kontinyasyon COBRA a ap kòmanse premye jou nan mwa ki apre pèt kouvèti ou nan Plan an epi li kapab dire jiska 18 mwa.

Kouvèti kontinyasyon an ka fini anvan peryòd tan ekspirasyon ki make anwo a nan sèten sikonstans, paregzanp si ou pa peye prim, ou fè fwod, oswa moun nan vin kouvri nan yon lòt plan sante gwoup.

Èske mwen ka pwolonje longè kouvèti kontinyasyon COBRA a? Si ou chwazi kouvèti kontinyasyon, ou gen dwa kapab pwolonje longè kouvèti kontinyasyon si yon benefisyè kalifye andikape, oswa si gen yon dezyèm evènman kalifye ki rive. Ou dwe enfòm NEBA de yon andikap oswa yon dezyèm evènman ki kalifye nan yon sèten peryòd tan pou pwolonje peryòd kouvèti kontinyasyon an. Si ou pa bay avi pou yon andikap oswa yon dezyèm evènman ki kalifye nan peryòd tan ki egzije a, li pral afekte dwa ou pou pwolonje peryòd kouvèti kontinyasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pwolonje longè kouvèti kontinyasyon COBRA, ale nan:

<http://www.dol.gov/ebsa/publications/cobraemployee.html>.

Ou ka jwenn kouvèti pa mwayen Mache Asirans Sante a ki koute mwens pase kouvèti kontinyasyon COBRA a. Ou ka aprann plis sou Mache a anba la a.

Kisa ki se Mache Asirans Sante a ye (Health Insurance Marketplace)? Mache a ofri “yon grenn kote” pou jwenn ak konpare opsyon asirans sante prive yo. Nan Mache a, ou ka kalifye pou yon nouvo kalite kredi sou taks ki diminye prim masyèl ou kotizasyon nan pri ou (montan ki diminye depans ki soti nan pòch ou pou franchiz, koasirans, ak kopeman) touswit, epi ou kapab wè kisa prim ou, franchiz, ak lajan ki soti -nan-pòch ou pral ye anvan ou pran yon desizyon pou enskri. Pa mwayen Mache a, ou pral aprann tou si ou kalifye pou kouvèti gratis oswa bon mache nan [Medicaid](#) oswa [Pwogram Asirans Sante pou Timoun \(Children’s Health Insurance Program, CHIP\)](#). Ou ka gen aksè nan Mache a pou Eta ou nan www.HealthCare.gov.

Kouvèti pa mwayen Asirans Sante Mache a ka koute mwens pase kouvèti kontinyasyon COBRA. Poutèt yo ofri kouvèti kontinyasyon COBRA, sa pa pral limite kalifikasyon ou pou kouvèti oswa pou yon kredi taks nan Mache a.

Kilè mwen ka enskri nan kouvèti Mache a? Ou toujou gen 60 jou depi lè ou pèdi kouvèti travay ou pou w enskri nan Mache a. Sa se paske pèt kouvèti asirans sante nan travay ou se yon evènman pou “enskripsyon espesyal”. **Aprè 60 jou peryòd enskripsyon espesyal ou ap fini, epi ou ka pa kapab enskri, kidonk ou dwe pran aksyon touswit.** Anplisde, pandan sa yo rele yon peryòd “enskripsyon louvri”, nenpòt moun ka enskri nan kouvèti asirans Mache a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou enskripsyon nan Mache a, tankou kilè pwochen peryòd enskripsyon an pral ye ak sa ou bezwen konnen sou evènman kalifye ak peryòd enskripsyon espesyal, vizite www.HealthCare.gov.

Si mwen enskri pou kouvèti kontinyasyon COBRA, èske mwen ka chanje pou m ale nan kouvèti Mache a? E si mwen chwazi kouvèti Mache a epi mwen vle chanje pou m tounen nan kouvèti kontinyasyon COBRA? Si ou enskri pou kouvèti kontinyasyon COBRA, ou ka chanje pou w ale nan yon Plan Mache a pandan yon peryòd enskripsyon louvri Mache a. Ou ka sispann kouvèti kontinyasyon COBRA ou pi bonè tou epi chanje pou w ale nan yon Plan Mache a si ou gen yon lòt evènman kalifye tankou maryaj oswa nesans yon timoun pa mwayen yon bagay ki rele yon “peryòd enskripsyon espesyal.” Men, fè atansyon si - si ou mete fen nan kouvèti kontinyasyon COBRA ou bonè san yon lòt evènman kalifye, ou pral oblije tann pou w enskri nan kouvèti Mache e jiska pwochen peryòd enskripsyon louvri a, epi ou ka rete san okenn asirans sante nan entèval la.

Yon fwa ou fin itilize kouvèti kontinyasyon COBRA ou epi kouvèti asirans lan ekspire, ou pral kalifye pou enskri nan kouvèti Mache a pa mwayen yon peryòd enskripsyon espesyal, menmsi enskripsyon louvri Mache a fini. Si ou enskri pou kouvèti Mache a olye pou kouvèti kontinyasyon COBRA, ou pa kapab chanje pou w ale nan kouvèti kontinyasyon COBRA nan okenn sikonstans.

Èske mwen ka enskri nan yon lòt plan sante gwoup? Ou ka kalifye pou enskri nan kouvèti asirans nan yon lòt plan sante gwoup (tankou plan yon mari/madanm), si ou mande enskripsyon nan 30 jou oplita apre ou pèdi kouvèti a.

Si oumenm oswa depandan ou deside pou chwazi kouvèti kontinyasyon COBRA olye pou w enskri nan yon lòt plan sante gwoup ou kalifye pou li, ou pral gen yon lòt posiblite pou w enskri nan lòt plan sante gwoup la nan lespas 30 jou oplita apre w pèdi kouvèti kontinyasyon COBRA ou.

Ki faktè mwen dwe konsidere lè m ap chwazi opsyon kouvèti? Lè w ap konsidere opsyon ou pou kouvèti asirans sante, ou ta dwe reflechi sou:

- **Prim yo:** Ansyen plan ou an ka chaje w jiska 102% total prim plan kouvèti COBRA a. Lòt opsyon, tankou kouvèti sou plan mari/madanm ou oswa pa mwayen Mache a, ka mwen chè.
- **Founisè Rezo:** Si w ap pran swen oswa tretman kounye a pou yon pwoblèm, yon chanjman nan kouvèti asirans ou kapab afekte aksè ou an yon founisè swen sante espesyalman. Ou ta dwe tcheke pou wè si founisè swen sante ou gen kounye a patisipe nan yon rezo lè w ap konsidere opsyon pou kouvèti sante.
- **Fòmilè Medikaman:** Si w ap pran medikaman kounye a, yon chanjman nan kouvèti asirans medikal ou ka afekte depans ou pou medikaman – ak nan kèk ka, medikaman ou ka pa kouvri nan lòt plan an. Ou ta dwe tcheke pou wè si medikaman w ap pran kounye a nan lis fòmilè medikaman pou lòt kouvèti asirans medikal la.
- **Peman Endanmite:** Si ou pèdi travay ou epi ou te resevwa yon pake endanmite pou fen travay nan men ansyen patwon ou, ansyen patwon ou kapab ofri pou peye enpe oswa tout peman COBRA ou yo pou yon peryòd tan. Nan senaryo sa a, ou ta dwe kontakte Depatman Travay nan 1-866-444-3272 pou diskite opsyon ou yo.
- **Zòn Sèvis:** Gen kèk plan ki limite avantaj yo a sèvis espesifik oswa zòn kouvèti – kidonk, si ou deplase pou w ale nan yon lòt zòn nan peyi a, ou gendwa pa kapab sèvi ak avantaj ou yo. Ou ta dwe gade si plan ou an gen yon zòn sèvis oswa kouvèti, oswa lòt limit menm jan.
- **Lòt Kotizasyon nan Frè:** Anplisde prim asirans oswa kontribisyon pou kouvèti asirans sante, ou ka pwobableman peye kopeman, franchiz, koasirans, oswa lòt kantite lajan lè ou itilize avantaj ou yo. Ou ta dwe tcheke pou gade ki kondisyon pou kotizasyon nan frè yo ye pou lòt opsyon kouvèti asirans sante yo. Paregzanp, yon opsyon ka gen prim mansyèl ki pi ba, men yon franchiz ak kopeman ki pi wo.

Pou jwenn plis enfòmasyon

Avi sa a pa dekri konplètman kouvèti kontinyasyon oswa lòt dwa yo nan Plan an. Gen plis enfòmasyon sou kouvèti kontinyasyon ak dwa ou nan Plan an ki disponib nan deskripsyon rezime plan ou oswa nan men Administratè Plan an. Si w gen kesyon konsènan enfòmasyon ki nan avi sa a, dwa w pou kouvèti asirans, oswa si w vle yon kopi deskripsyon rezime plan ou an, kontakte NEBA nan adrès ak nimewo telefòn sa yo:

National Employee Benefits Administrators, Inc.
1-800-842-5899 (Gratis) • 954-266-6322 • 954-266-2079 (Faks)
2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100
Pembroke Pines, FL 33028

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou dapre Lwa sou Sekirite Revni pou Retrèt Anplwaye (Employee Retirement Income Security Act, ERISA), ankontan COBRA, Pwoteksyon Pasyan ak Lwa Swen Abòdab, ak lòt lwa ki afekte plan sante gwoup yo, vizite sitwèb Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye (Employee Benefits Security Administration, EBSA) nan Depatman Ameriken Travay nan www.dol.gov/ebsa oswa rele nimewo gratis yo nan 1-866-444-3272. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon asirans sante ki disponib pa mwayen Mache Asirans Sante a, epi pou w jwenn yon navigatè nan zòn ou an pou ou ka pale ak sou divès kalite opsyon yo, vizite www.HealthCare.gov.

Kenbe Plan Ou Okouran Chanjman Adrès ou

Pou pwoteje dwa oumenm ak fanmi w, kenbe Administratè Plan an okouran nenpòt chanjman nan adrès ou ak adrès manm fanmi ou. Ou dwe kenbe tou yon kopi nenpòt avi ou voye bay Administratè Plan a.



South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund

c/o National Employee Benefits Administrators, Inc.
2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100 | Pembroke Pines, FL 33028
1 (800) 842-5899 | Faks (954) 266-2079



LWA FEDERAL DWA POU ENSKRIPSYON AK KOUVÈTI

Dwa Enskripsyon Espesyal dapre HIPAA

Dwa “Enskripsyon Espesyal” yo pafwa otorize dapre Lwa Federal (HIPAA) pou pèmèt anplwaye oswa depandan yo enskri andeyò peryòd enskripsyon louvri a oswa apre kalifikasyon inisyal la. Seksyon sa a dekri kilè ou ka gen dwa pou enskripsyon espesyal.

Nouvo depandan: Si ou enskri nan Plan an nan moman ou kalifye pou premye fwa epi ou rete kalifye pou kouvèti asirans, ou ka enskri yon nouvo depandan akòz maryaj, nesans, adopsyon, plasman pou adopsyon, oswa lagad legal; pou fè sa w ap soumèt yon demann pou enskripsyon nan 31 jou oplita apre maryaj la, nesans, adopsyon, plasman pou adopsyon oswa lagad legal la.

Gen dwa “Enskripsyon Espesyal” limite tou ki otorize dapre Lwa federal (HIPAA) si ou refize oswa renonse a enskripsyon nan Plan an epi ou pa gen lòt asirans sante. Dapre dwa enskripsyon espesyal sa yo ou ka mande enskripsyon pou tèt ou ak/oswa depandan ou yo andeyò enskripsyon louvri si:

- Ou gen yon nouvo depandan akòz maryaj, nesans, adopsyon, plasman pou adopsyon, oswa lagad legal epi
- Ou mande enskripsyon an nan 31 jou oplita apre maryaj, nesans, adopsyon, plasman pou adopsyon oswa lagad legal.

Pèt Lòt Kouvèti: Si ou refize oswa renonse a enskripsyon nan Plan an paske ou gen lòt kouvèti asirans sante, ou ka gen otorizasyon pou dwa “enskripsyon espesyal” alavni si:

- Ou kouvri anba yon lòt plan sante gwoup oswa pwogram asirans sante nan moman ou renonse a kouvèti nan Plan an;
- Ou pèdi kalifikasyon pou kouvèti swen sante ou te genyen lè ou te fè renonsman an, oubyen patwon ki finanse lòt kouvèti a sispann kontribiye pou lòt kouvèti asirans lan; epi
- Ou fè aplikasyon pou enskripsyon nan Plan an nan lespas 30 jou oplita aprè lòt kouvèti ou fini.

Pèt Medicaid oswa Pwogram Asirans Sante Timoun Eta a: Gen règleman espesyal pou anplwaye ak depandan anplwaye ki kalifye pou Medicaid oswa yon Pwogram Asirans Sante Timoun Eta a. Si yon anplwaye (oswa depandan anplwaye ki kalifye a) sibi yon pèt kalifikasyon pou Medicaid oswa yon Pwogram Asirans Sante pou Timoun Eta a, yo gen dwa pou mande yon Enskripsyon Espesyal pou yo enskri nan Plan an depi demann pou enskripsyon an fèt nan lespas 60 jou olita apre pèt kalifikasyon an.

Asistans pou Prim: Si yo detèmine yon anplwaye (oswa depandan anplwaye a ki kalifye) gen kalifikasyon pou asistans pou prim pa mwayen Medicaid oswa yon Pwogram Asirans Sante Timoun Eta a (ki gen ladan anba nenpòt egzansyon oswa pwojè demonstrasyon ki fèt anba yon pwogram konsa oswa anrapò ak li), moun sa a gen yon dwa pou yon Enskripsyon Espesyal pou mande enskripsyon nan Plan an depi demann pou enskripsyon an fèt nan lespas 60 jou oplita apre detèminasyon asistans lan.

Anplwaye ki enskri nan Plan an anba sikonstans espesyal sa yo pral gen menm òf pake avantaj yo ak opsyon peman yo tankou sa yo ofri anplwaye ki nan menm sitiyan ki enskri lè yo te kalifye pou premye fwa.



**Enfòmasyon ou.
Dwa Ou yo.
Responsablite Nou.**

Avi sa a dekri kijan yo ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal anrapò ak oumenm ak kijan ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo.
Tanpri li avi a ak anpil atansyon.

Dwa Ou yo

Pou sa ki gade enfòmasyon medikal ou, ou gen sèten dwa.

Seksyon sa a eksplike dwa w yo ak kèk nan responsablite nou gen pou ede ou.

Jwenn yon kopi dosye sante ou ak reklamasyon ou yo

- Ou ka mande pou gade oswa pou w jwenn yon kopi dosye sante ou ak reklamasyon ou ak lòt enfòmasyon medikal nou genyen sou ou. Mande nou kijan pou w fè li.
 - Nou pral bay yon kopi oswa yon rezime sou dosye sante ou ak reklamasyon ou yo, anjeneral nan lespas 30 jou oplita apre demann ou. Nou ka chaje yon frè rezonab dapre pri pou sa fèt.
-

Mande nou korije dosye sante ak reklamasyon

- Ou ka mande nou korije dosye sante ou ak reklamasyon ou si ou panse dosye yo pa kòrèk oswa yo pa konplè. Mande nou kijan pou w fè li.
 - Nou ka di “non” a deman ou an, men nou pral di ou alekri poukisa nan 60 jou oplita.
-

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou kontakte ou nan yon fason presi (paregzanp, telefòn lakay ou oswa travay ou) oswa pouvoye pa lapòs nan yon lòt adrès.
 - Nou pral konsidere tout demann ki rezonab, epi yo nou dwe di “wi” si ou di nou ou an danje si nou pa fè sa.
-

Mande pou nou limite sa nou itilize oswa kominike

- Ou ka mande nou **pa** itilize oswa kominike sèten enfòmasyon medikal pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo.
 - Nou pa oblije dakò ak demann ou an, epi nou ka di “non” si sa t ap afekte swen sante ou.
-

Jwenn yon lis moun nou te kominike enfòmasyon yo

- Ou ka mande pou yon lis (kontrandi) pou moman nou te kominike enfòmasyon medikal ou pandan sis ane ki anvan dat ou mande a, ak ba kimoun nou kominike yo, e poukisa.
- Nou pral mete ladan tout divilgasyon yo eksepte sa ki konsène tretman, peman, ak operasyon swen sante, ak sèten lòt divilgasyon (tankou nenpòt sa ou te mande nou fè). Nou pral bay yon sèl kontrandi gratis pa ane men nou pral chaje yon pri rezonab, ki baze sou frè si ou mande nou yon lòt nan lespas 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi sou pratik konfidansyalite sa a

- Ou ka mande yon kopi papye avi sa a nenpòt ki lè, menmsi ou te dakò resevwa avi a elektwonikman. Nou pral ba ou yon kopi papye touswit.

Chwazi yon moun pou aji pou ou

- Si ou te bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa ou epi fè chwa konsènan enfòmasyon medikal ou.
- Nou pral asire nou ke moun nan gen otorite sa a e ka aji pou ou anvan nou pran nenpòt aksyon.

Depoze yon plent si ou santi yo vyole dwa w

- Ou ka deposite plent si ou santi nou te vyole dwa ou; pou fè sa, sèvi avèk enfòmasyon pou kontakte ki sou dènye paj la.
- Pou deposite yon plent nan Biwo pou Dwa Sivil Depatman Ameriken pou Sante ak Sèvis Sosyal, voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou pa pral fè vanjans kont ou paske ou deposite yon plent.

Chwa Ou yo

Pou sèten enfòmasyon medikal, ou ka di nou chwa ou osijè sa nou kominike. Si ou gen yon preferans pou jan nou kominike enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba a, pale avèk nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi nou pral swiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen toude, ni dwa, ni chwa pou di nou:

- Kominike enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pre w, oswa lòt moun ki patisipe nan peman pou swen ou
- Kominike enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou nan dezaz

Si ou pa kapab di nou preferans ou, paregzanp si ou san konesans, nou ka deside epi kominike enfòmasyon ou si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou ka kominike enfòmasyon ou tou lè li nesèsè pou diminye yon menas pou sante oswa sekirite ki grav e ki prèt pou rive.

Nan ka sa yo nou pa janm kominike enfòmasyon ou sòf si ou ban nou pèmisyon alekri:

- Pou fè maketin
- Vann enfòmasyon ou

Kijan nou itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou anjeneral?

Anjeneral nou itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou nan fason sa yo.

Ede jere tretman swen sante ou resevwa

- Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou ak kominike li ba pwofesyonèl k ap trete ou.

Egzanp: Yon doktè voye ban nou enfòmasyon sou dyagnostik ak plan tretman ou pou nou ka fè aranjman pou sèvis adisyonèl.

Jere òganizasyon nou an

- Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon ou pou jere òganizasyon nou ak kontakte ou lè sa nesèsè.
- **Nou pa gen otorizasyon sèvi ak enfòmasyon jenetik pou deside si nou pral ba ou kouvèti ak pri kouvèti sa a.** Sa a pa aplike nan plan swen alontèm yo.

Egzanp: Nou itilize enfòmasyon medikal ou pou devlope pi bon sèvis pou ou.

Peye pou sèvis sante ou

- Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou lè n ap peye pou sèvis sante ou.

Egzanp: Nou kominike enfòmasyon ou ba plan dantè ou pou kowòdone peman pou swen dantè ou.

Administre plan ou

- Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou bay esponsò plan sante ou pou administrasyon plan an.

Egzanp: Konpayi ou fè kontra avèk nou pou bay yon plan sante, epi nou bay konpayi ou sèten estatistik pou eksplike prim nou chaje yo.

kontinye sou pwochen paj la

Ki lòt jan nou ka itilize oswa kominike enfòmasyon medikal ou?

Nou gen otorizasyon oswa nou gen obligasyon kominike enfòmasyon ou yo nan lòt fason - anjeneral nan fason ki kontribye pou byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou dwe ranpli plizyè kondisyon devan lalwa anvan nou kapab kominike enfòmasyon ou nan bi sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

Ede pou pwoblèm sante ak sekirite piblik

- Nou ka kominike enfòmasyon medikal ou pou sèten sitiyasyon tankou:
 - Prevni maladi
 - Ede pou rantrè pwodui
 - Rapòte reyaksyon negatif medikaman
 - Rapòte abi, neglijan, oswa vyolans domestik nou sispèk
 - Prevni oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun

Fè rechèch

- Nou ka itilize oswa kominike enfòmasyon ou pou rechèch sou sante.

Respekte lalwa

- Nou pral kominike enfòmasyon ou si lwa Eta oswa lwa federal ekzije li, tankou ba Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si li vle gade si nou respekte avèk lwa federal sou pwoteksyon enfòmasyon prive.

Reponn demann pou don ògàn ak tisi epi travay avèk yon egzaminatè medikal oswa responsab ponp finèb

Nou ka kominike enfòmasyon medikal ou ba òganizasyon apwovizyonman ògàn.

- Nou ka kominike enfòmasyon medikal ba yon medsen lejis, egzaminatè medikal, oswa responsab ponp finèb lè yon moun mouri.

Abòde demann pou konpansasyon travayè, responsab aplikasyon lalwa, ak lòt deman leta

- Nou ka itilize ak kominike enfòmasyon medikal ou:
 - Pou reklamasyon konpansasyon travayè
 - Pou fè respekte lalwa oswa ba yon lwa responsab aplikasyon lalwa
 - Ba ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize
 - Pou fonksyon espesyal gouvènman tankou sèvis militè, sekirite nasyonal, ak pwoteksyon prezidan an

Reponn pou pwosè ak aksyon legal

- Nou ka kominike enfòmasyon medikal ou pou reponn yon lòd tribinal oswa administratif, oswa pou reponn yon asiyasyon.

Responsablite Nou

- Lalwa mande nou pou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon medikal pwoteje ou.
- Nou pral fè w konnen touswit si yon vyolasyon fèt ki ka konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou.
- Nou dwe swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi.
- Nou pa pral itilize oswa kominike enfòmasyon ou lòt jan pase sa ki dekri la a sof si ou di alekri nou nou kapab fè li. Si ou di nou nou kapab, ou ka chanje lide ou nenpòt lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan Kondisyon ki nan Avi Sa a

Nou ka chanje kondisyon ki nan avi sa a, epi chanjman yo pral aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib si w fè demann lan, l ap disponib sou sit wèb nou an, epi n ap voye yon kopi ba ou.

Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a aplike pou òganizasyon annapre la yo.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan avi sa a oswa matyè ki abòde ladan ou ka kontakte Manadjè Administratif Plan an nan:

*National Employee Benefits Administrators, Inc.
2010 N.W. 150th Avenue, Suite 100, Pembroke Pines, FL 33028 1-800-842-5899.*
